

**KONSTRUKSI STATIF LOKASIONAL ING BASA JAWA**

**DWI PUTRI SURYANINGSIH**

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[dwisuryaningsih@mhs.unesa.ac.id](mailto:dwisuryaningsih@mhs.unesa.ac.id)

**Drs. Sugeng Adipitoyo, M.Si.**

Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

**ABSTRAK**

Konstruksi statif lokasional ing basa Jawa minangka perangane makna lan isi sajrone semantik gramatikal. Konstruksi statif lokasional bisa dicakake sajrone ukara ing basa Jawa, saliyané iku nuduhake papan panggonan kang ana ing basa Jawa. Struktur sajrone konstruksi statif lokasional ing basa Jawa nduweni titikan kang mligi, yaiku wasesane awujud tembung kriya kahanan. Saka panliten iki nduweni tujuwan kanggo ngandharake teges, titikan, lan jinise konstruksi statif lokasional. Saka asil panliten iki nduweni paedah kanggo nambahi kawruh lan ngrembakakake ilmu semantik, mligine ngenani konstruksi statif lokasional.

Panliten iki nggunakake teori transformasi generatif. Dene panliten iki kalebu jinis panliten linguistik dheskriptif, kang asipat linguistik sinkronis. Dhata sajrone panliten iki yaiku konstruksi statif lokasional ing basa Jawa, dene sumber dhata sajrone panliten iki yaiku ukara-ukara kang ngandhut konstruksi statif lokasional kang dijupuk saka kalawarti Panjebur Semangat taun 2015-2017. Dhata kasebut diklumpukake nggunakake teknik nyathet, kanthi cara njlentrehake dhata nggunakake metodhe agih. Asil saka panliten iki diperang ana 9 jinis konstruksi statif lokasional ing basa Jawa kanthi landhesan konstruksi statif lokasional presentif diperang ana 3 jinis, konstruksi statif lokasional dhestinatif diperang ana 3 jinis, lan konstruksi statif lokasional orinatif diperang ana 3 jinis.

Sajrone panliten iki bisa didudut yen konstruksi statif lokasional nduweni tetenger kang mligi yaiku wasesane awujud tembung kriya kahanan. panliten iki uga isih akeh lupute, mula panliti ngarepake ana panyaru sing bisa mbangun ing panliten sabanjure.

**Tembung-tembung wigati:** konstruksi statif lokasional, triaspek sintaksis.

**PURWAKA**

Isine bab I iki ngenani (1) landhesane panliten, (2) punjer lan underane panliten, (3) ancane panliten, (4) paedahne panliten, (5) watesane panliten, lan (6) panjlentrehe tetembungan. Luwih jangkepe diandharake ing ngisor iki.

**LANDHESANE PANLITEN**

Konstruksi statif lokasional ing basa Jawa minangka perangane makna lan isi sajrone semantik gramatikal. Konstruksi statif lokasional bisa dicakake sajrone ukara ing basa Jawa, saliyané iku nuduhake papan panggonan kang ana ing basa Jawa. Konstruksi statif lokasional ing basa Jawa medharake sawijine tembung kriya kahanan kang ana sajrone papan, papan

tujuwan lan papan asal. Struktur sajrone statif lokasional yaiku nduweni tetenger kang mligi. Tetenger sajrone konstruksi statif lokasional wasesane awujud tembung kriya kahanan. Upamane kaya ukara “Budi mandheg ing Masjid Istiqlal”, Upamane kaya ukara “Adhik mlebu menyang ruwangan IGD”, Isih ana maneh tuladha saka ukara konstruksi statif lokasional origintaif “Aku bali saka Medura”. Konstruksi statif lokasional narik kawigaten kanggo diteliti amarga nuduhake papan lan panggonan kang ana ing basa Jawa. Saliyané iku nduweni titikan kang beda saka liyané lan bisa dibuktekake sajrone ukara.

Adhedhasar jinise konstruksi statif lokasional ing basa Jawa kang digunakake sajrone panliten iki yaiku nggunakake teori transformasi generatif kanthi

nggunakake cara kerjane triaspek sintaksis yaiku wujud, guna, lan kalungguhan. Perangan-perangan konstruksi statif lokasional nalika ana ing sawijine ukara diperang adhedhasar jinise. Konstruksi statif lokasional kalebu semantik gramatikal. Makna gramatikal yaiku makna kang ana sesambungane karo basa, utawa makna kang ana amarga fungsi sawijine tembung ing ukara (Fatimah, 2013:16). Panliten ngenani konstruksi statif lokasional ing basa Jawa kasebut dhatane yaiku konstruksi statif lokasional ing basa Jawa, dene sumber dhatane ukara-ukara kang ngandhut konstruksi statif lokasional kang dijupuk saka sawijine rubrik pangudhara sajrone kalawarti Panjebur Semangat taun 2015-2017.

Adhedhasar ancangan semantike dhata kasebut bisa diandharake lan dijlentrehake kanthi telung ancangan, yaiku ancangan dimensionale kalebu gramatikal, ancangan rationale kalebu sintagmatik mligine kang dhistributif, dene ancangan konseptuale kalebu jlentrehan struktur batin. Kanggo ngerteni maksud saka ukara kasebut mligine ngenani triaspek sintaktise yaiku kalebu ukara tanduk.

Tujuwan saka panliten iki kanggo ngandharake lan njlentrehake teges konstruksi statif lokasional ing basa Jawa, titikan, lan peranganane. Paedah ngenani konstruksi statif lokasional iki kanggo nambahi kawruh lan ngrembakake ilmu semantik ing basa Jawa, mligine konstruksi statif lokasional. Saliyane iku asil panliten iki bisa menehi guna lan bisa dadi salah sijine materi kanggo nyinaoni basa, ing ilmu semantik, mligine ngenani konstruksi statif lokasional.

#### **UNDERANE PANLITEN**

Adhedhasar landhesane panliten ing ndhuwur, kang dadi punjere panliten iki, yaiku jinise konstruksi statif lokasional ing basa Jawa adhedhasar triaspek sintaksise. Dene underane panliten yaiku:

- 1) Apa wae jinise konstruksi statif lokasional presentif adhedhasar wujud, guna, lan kalungguhane?
- 2) Apa wae jinise konstruksi statif lokasional dhesinatif adhedhasar wujud, guna, lan kalungguhane?
- 3) Apa wae jinise konstruksi statif lokasional originatif adhedhasar wujud, guna, lan kalungguhane?

#### **TUJUWANE PANLITEN**

Adhedhasar punjere panliten ing ndhuwur, tujuwane panliten iki yaiku kanggo ngandharake lan njlentrehake panliten konstruksi statif lokasional ing basa Jawa. Dene adhedhasar underane panliten,

tujuwane panliten iki yaiku kanggo ngandharake lan njlentrehake:

- 1) Jinise statif lokasional presentif adhedhasar wujud, guna, lan kalungguhane.
- 2) Jinise statif lokasional destinatif adhedhasar wujud, guna, lan kalungguhane.
- 3) Jinise statif lokasional originatif adhedhasar wujud, guna, lan kalungguhane.

#### **PAEDAHE PANLITEN**

Paedahe sajrone panliten iki diperang dadi loro yaiku paedah teoretis lan paedah praktis. Luwih cethane maneh bakal diandharake ing ngisor iki.

##### **Paedah Teoretis**

Asil panliten iki nduweni paedah teoretis yaiku kanggo awèh guna tumrap pangrembakane ilmu basa Jawa ing bidhang semantik lan sintaksis bab relasi semantik gramatikal ngenani konstruksi statif lokasional ing basa Jawa.

##### **Paedah Praktis**

Asile panliten iki nduweni paedah praktis yaiku bias nambahi materi ngenani ilmu semantik lan bisa dadi sumber referensi panliten sabanjure.

#### **WATESANE PANLITEN**

Watesane ing panliten iki ana telu, yaiku (1) topike panliten, (2) dhatane panliten, lan (3) carane njingglengi. Saka telung watesane panliten kasebut bisa diandharake lan dijlentrehake ing ngisor iki:

- 1) Topik panliten ngenani konstruksi statif lokasional ing basa Jawa.
- 2) Dhata kang dienggo ing panliten iki awujud dhata tulis, yaiku konstruksi statif lokasional ing basa Jawa. ukara ature pangudhara kalawarti Panjebur Semangat, amarga ukara-ukara kang digunakake kasebut kalebu ukara kang lumrah uga digunakake ing saben dina.
- 3) Carane njingglengi panliten iki yaiku nganggo teori transformasi generatif kanthi cara kerjane teori triaspek sintaksis yaiku konstruksi statif lokasional kang adhedhasar wujud, guna, lan kalungguhan.

#### **PANJLENTREHE TETEMBUNGAN**

Tetembungan kang digunakake sajrone panliten iki yaiku (1) konstruksi konstruksi statif lokasional, (2) triaspek sintaksis, andharan saben tetembungan kasebut bakal dijlentrehake ing ngisor iki, yaiku:

- 1) Konstruksi statif lokasional yaiku konstruksi statif kang ngandharake kahanan kang dialami dening

jejer ing sawijine panggonan. Adhedhasar struktur semantike tansah anane lesan lan papan. Lesan kang dimaksud yaiku njlentrehake entiti kang ana sajrone papan.

- 2) Triaspek sintaksis yaiku wujud (kategori), guna (fungsi), lan kalungguhan (paran) (Parera, 1991:87).

### **TINTINGAN KAPUSTAKAN**

Isine bab II iki yaiku (1) panliten ngenani konstruksi statif lokasional, (2) konsep-konsep ing panliten iki, lan (3) teori kanggo panliten iki. Luwih jangeke bisa diandharake ing ngisor iki.

#### **Panliten Saemper**

Panliten kang ngandharake wujud, guna, lan kalungguhan, yaiku panliten awujud skripsi kanthi irah-irahan “Konstruksi Sintaksis mawa Tembung Kriya Nenandhang {-en}” dening Safitri (2014). Isi saka parembungan kasebut ngenani wujud, guna, lan kalungguhane tembung kriya nenandhang {-en} kang dijlentrehake nggunakake konstruksi sintaksis mawa tembung kriya nenandhang {-en} kanthi metode dhistribusional.

Panliten sabanjure yaiku ngandharake ngenani wujud, guna, lan kalungguhan kanthi irah-irahan “Wujud, Guna, lan Kalungguhane Rimbag Bawa-ma” dening Astari (2014). Isine parembungan kasebut ngenani pamerangane wujud, guna, lan kalungguhae rimbag bawa-ma kanthi metode dhistribusional.

Panliten sabanjure yaiku ngandharake wujud, guna, lan kalungguhan, yaiku kanthi irah-irahan “Tembung Kriya Kahanan sajrone Ukara Statif ing Basa Jawa” dening Suci (2018). Panliten iki nggunakake teori transformasi generatif lan dijlentrehake nganggo triaspek sintaksis yaiku wujud, guna, lan kalungguhan. Dhata ing panliten iki yaiku arupa tembung kriya kahanan lan njupuk saka rubrik ature redhaksi sajrone kalawarti Jayabaya taun 2014-2016. Dene sumber dhata yaiku ukara statif.

Saka panliten-panliten kang wis dianakake sadurunge, bisa diweruhi yen panliten ngenani konstruksi statif lokasional mligine wujud, guna, lan kalungguhan statif lokasional. Panliten konstruksi statif lokasional ing basa Jawa iki dianalisis nggunakake teori transformasi generatif lan dijlentrehake nganggo triaspek sintaksis yaiku wujud, guna, lan kalungguhan. Panliten iki nduweni tujuwan kanggo njangkepi panliten ngenani konstruksi statif lokasional kang wis ditindakake dening pamarsudi basa liyane kanthi mligi yaiku ngenani konstruksi statif lokasional ing basa Jawa.

#### **Konsep-konsep Panliten**

Perangan iki diandharake ngenani konsep-konsep kang digunakake kanggo nliti konstruksi statif lokasional ing basa Jawa. Panliten iki diandharake kanthi cetha ing ngisor iki.

Konsep nliti konstruksi statif lokasional, yaiku tegese konstruksi statif lokasional, titikane konstruksi statif lokasional, lan jinise konstruksi statif lokasional ing basa Jawa. Konsep kasebut bakal diandharake kanthi cetha kaya ing ngisor iki.

#### **Konstruksi Statif Lokasional**

Konstruksi statif lokasional diperang adhedhasar telung bab, yaiku (1) tegese konstruksi statif lokasional, (2) titikane konstruksi statif lokasional, lan (3) jinise konstruksi statif lokasional. Saben perangan kasebut dijlentrehake ing ngisor iki.

#### **Tegese Konstruksi Statif Lokasional**

Konstruksi statif lokasional yaiku konstruksi statif kang ngandharake kahanan kang dialami dening jejer ing sawijine papan panggonan. Adhedhasar struktur semantike tansah anane lesan lan papan. Lesan kang dimaksud yaiku njlentrehake entiti kang ana sajrone papan.

#### **Titikane Konstruksi Resultatif ing Basa Jawa**

Titikan diperang dadi telu, yaiku 1) titikan morfologis, 2) titikan sintaktis, lan 3) titikan smenatis. Tetelune bakal diandharake ing ngisor iki.

#### **Titikan Morfologis**

Konstruksi statif lokasional nduweni titikan morfologis yaiku tembung lingga kang mawa ater-ater {N-} tuladhane manggon, (ka-) tuladhane kapengin. Saliyane iku uga mawa panambang kaya {-en} tuladhane wedangen. Uga tembung lingga mawa seselan {-um-} tuladhane yaiku sumingkir.

#### **Titikan Sintaktis**

Konstruksi statif lokasional nduweni titikan sintaksis miturut (Kridalaksana, 2008:226) tembung kriya kahanan kang ora bisa awujud progresif lan imperatif. Wsesanr bisa dibuktekake nganggo tembung “ora” klan asile dibuktekake nganggo tembung “dudu”. Wasesa sajrone konstruksi statif lokasional yaku arupa tembung kriya kahanan.

#### **Titikan Semantis**

Konstruksi statif lokasional nduweni titikan semantis yaiku tembung kriya kang nduweni teges

kahanan. Miturut Kridalaksana (2008:226) ngandharake kanthi semantis tembung kriya nerangake tembung kriya kang nerangake kahanan. Saliyane iku ora bisa mangsuli saka pitakonan “apa kang ditindakake dening jejer?”.

### **Jinise Konstruksi Statif Lokasional ing Basa Jawa**

Konstruksi statif lokasional nduweni teges konstruksi statif kang ngandharake kahanan kang dialami dening jejer ing sawijine papan. Adhedhasar tegese konstruksi statif lokasional diperang dadi telung jinis (1) Konstruksi statif lokasional presentif, (2) Konstruksi statif lokasional dhestinatif, lan (3) Konstruksi statif lokasional originatif. Saka telung jinis kasebut bakal diandharake ing ngisor iki.

#### **(1) Konstruksi Statif Lokasional Presentif**

Konstruksi statif lokasional presentif bisa ateges kahanan kang dialami dening jejer ing sawijine dunung kang wasesane arupa papan, panggonan, lan ana kang bisa dianggo nyelehake samubarang cilik nganti gedhe. Konstruksi statif lokasional presentif diperang dadi telu yaiku 1) Konstruksi statif lokasional presentif dhemonstrasi proksimal, 2) Konstruksi statif lokasional presentif dhemonstrasi medial, 3) Konstruksi statif lokasional presentif dhemonstrasi distal.

#### **(2) Konstruksi Statif Lokasional Dhestinatif**

Konstruksi statif lokasional dhestinatif bisa ateges kahanan kang dialami dening jejer kang nggambarake katrangan papan utawa panggonan kang arep dituju. Konstruksi statif lokasional dhestinatif diperang dadi telu, yaiku 1) Konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif proksimal, 2) Konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif medial, 3) Konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif distal.

#### **(3) Konstruksi Statif Lokasional Originatif**

Bisa ateges kahanan kang dialami dening jejer ing sawijine papan utawa panggonan asale. Konstruksi statif lokasional originatif diperang dadi telu, yaiku 1) Konstruksi statif lokasional originatif dhemonstratif proksimal, 2) Konstruksi statif originatif dhemonstratif lokasional medial, 3) Konstruksi statif lokasional originatif dhemonstratif distal.

### **Teori kanggo Panliten iki**

Teori kang digunakake kanggo panliten iki yaiku nggunakake teori transformasi generatif. Andharan luwih jangkepe kaya ing ngisor iki.

### **Teori Transformasi Generatif**

Teori transformasi generatif miturut Chomsky sajrone Parera (1991:87) tata basa sajrone transformasi generatif kuwi metu saka metodhe kerja rasionalis lan nguji hipotesis-hipotesis sajrone empiris basa tartamtu. Chomsky banjur ngandharake anane postulat kang sabanjure diarani postulat Chomsky. Postulat kapisan yaiku beda antarane *competence performance*, antarane dhata warisan lan seserepan ngenani basa lan kabasan anggane nggunakake dhata. Kapindho yaiku bedane struktur batin lan struktur lair. Bedane struktur batin lan struktur lair iki ngasilake tata carane tata basa kang ndhasarake marang telung komponen. Katelu yaiku aspek kreatipe basa utawa kang diarani sipat dinamise basa. Ing postulat kaloro saka katelu kasebut nuduhake cara kerja teori transformasi generatif.

Teori transformasi generatif nduweni paradigma yaiku (1) sintaksis gandheng karo ukara lan tuturan kang bisa diresepi dening indrane manungsa minangka struktur sanjabane basa, (2) sajrone struktur batin ana sesambungan semantis lan sesambungan sistemik, lan (3) adhedhasar anane struktur batin kuwi, banjur struktur batin kasebut diandharake adhedhasar aspek wujud, guna, lan kalungguhane. Katelu aspek kasebut disebut triaspek sintaksis. (Adipitoyo, 2002:4).

Adhedhasar andharan kasebut, panliten ngenani Konstruksi statif lokasional bakal dianalisis adhedhasar triaspek sintaksise yaiku wujud, guna, lan kalungguhan. Dhata kanggo panliten iki bakal dijupuk saka ukara kang ana sajrone redhaksi pangudarasa kang ana sajrone kalawarti Panjebur Semangat, mula saka iku sajrone panliten iki nggunakake teori transformasi generatif.

### **Wujud sajrone Konstruksi Statif Lokasional**

wujud utawa kategori nduweni rong sipat pokok, yaiku (a) formal, lan (b) sistemik. Wujud bisa diarani formal amarga dheweke minangka aspek wangun. Wujud yaiku aspek awak utawa badane sintaksis ing ukara lamba. Wujud bisa diarani sistemik amarga wujud dikenal ora saka sesambungane karo wujud tartamtu liyane kang padha-padha dadi konstituen sintaksis, nanging sesambungan asosiatip antarane wujud kang dadi konstituen ing ukara tartamtu karo wujud liya kang ora dadi konstituen sintaksis ukara iku (Sudaryanto, 1991:65).

Sasangka (2011:108) nduwe panemu padha karo Padmosoekotjo (1987:107) merang tembung dadi 10 jinis yaiku, tembung aran, tembung kriya, tembung sifat, tembung katrangan, tembung sesulih, tembung wilangan, tembung panggandheng, tembung ancer-ancer, tembung panyilah, lan tembung panyaru.

Miturut Kridalaksana (2007:10) wujud tembung bisa diperang dadi loro adhedhasar paramasastra pedagogis lan paramasastra teknis. Wujud tembung adhedhasar paramasastra pedagogis diperang dadi tembung aran, tembung kriya, tembung kahanan, lan tembung panggawe. Wujud adhedhasar tata basa baku kaperang saka tembung kriya, tembung aran, tembung kahanan, tembung katrangan, lan tembung panggawe.

Padmosoekotjo (1987:107) merang jinise wujud tembung dadi 10 jinis, yaiku tembung aran, tembung kriya, tembung watak utawa tembung kahanan, tembung katangan, tembung sesuluh, tembung wilangan, tembung ancer-ancer, tembung pangiket, tembung panyilah, lan tembung sabawa utawa tembung pangungun.

Miturut Wedhawati (2005:46) wujud adhedhasar anggotane bisa diperang dadi loro wujud sintaksis tinarbuka lan wujud sintaksis katutup. Wujud sintaksis tinarbuka bisa diperang dadi kriya, aran, kahanan, lan katrangan. Wujud sintaksis katutup diperang dadi tembung sesuluh, tembung wilangan, tembung ancer-ancer, tembung pangandheng, tembung panguwuh, lan partikel.

Miturut teori struktural wujud tembung bisa diperang dadi tembung aran, tembung kriya, tembung kahanan, lan tembung katrangan (Alwasillah, 2011:58). Dene miturut teori transformasi generatif wujud tembung bisa diperang dadi tembung aran, tembung kriya, tembung kahanan, lan tembung panyilah (Alwasillah, 2011:99)

Saka andharan ing ndhuwur, wujud kang ana sajrone konstruksi statif lokasional ana loro, yaiku tembung aran lan tembung kriya. Panganggone tembung aran sajrone konstruksi statif lokasional yaiku tembung aran insani minangka pengalaman. Dene tembung kang dienggo sajrone konstruksi statif lokasional yaiku tembung kriya kahanan.

### **Guna sajrone Konstruksi Statif Lokasional**

Guna utawa fungsi nduweni telung sipat pokok, yaiku (a) formal, (b) kosong, lan (c) struktural. Aspek formal ing kene beda karo aspek formal ing wujud. Aspek formal ing guna ana sesambungan karo sipat kosong lan struktural. Guna yaiku panggonan kanggo wujud, mula saka iku basa didudut yen guna minangka panggonan kang dudu diisi amarga sipate kosong, dene wujud minangka kosntituen kang diisikake ing guna. Guna asipat struktural yaiku antarane guna siji lan liyane sajrone ukara nduweni sesambungan. Sesambungan kang kaya mangkene iki diarani struktur (Sudaryanto, 1991:66)

Veerhar (2008:165) ngandharake menawa guna minangka aspek enggon saka wujud, saengga guna mujudake samubarang kang diisi lan dianggo. Guna kang bisa diisi lan dianggo kasebut mujudake wateg kosonge guna, mula guna kasebut kudu diisi dening wujud tartamtu lan makna tartamtu (kalungguhan).

Guna minangka konsep fungsi sintaksis kang bisa diperang dadi (1) jejer, (2) wasesa, (3) lesan, (4) geganep, (5) katrangan (Wedhawati, 2005:49). Miturut Sudaryanto (1991:126) ngandharake jinise guna ing basa Jawa bisa diperang dadi jejer, wasesa, lesan, katrangan, lan pangganep. Guna yaiku (1) beban makna sawijine satuwan basa, (2) sesambungan antarane sawijine satuwan karo unsur-unsur liyane sajrone deret satuwan-satuwan, (3) panganggone basa kanggo tujuan tartamtu, (4) kalungguhan struktur batin saka

sawijine pocapan lan sesambungan kanthi struktural karo unsur liya, lan (5) kalungguhan sawijine unsur sajrone satuwan sintaksis kang luwih amba. (Kridalaksana, 2008:67).

Guna adhedhasar teori tradhisional diperang dadi loro yaiku jejer lan wasesa. Miturut teori struktural guna diperang dadi jejer, wasesa, lan lesan. Guna adhedhasar teori transformasi generatif bisa diperang dadi jejer, wasesa, lesan, geganep, lan katrangan (Alwasillah, 2011:80).

Bisa diandharake ngenani jejer, wasesa, lesan ing ngisor iki.

### **Jejer**

Pangemu ngenani jejer yaiku praboting ukara, kang diandharake, kang digunem, kang dicritakake kepriye kaanane, lan mobah mosike. Jejer mujudake kalungguhan ing titi ukara kang dadi bebaku kapindho sawise wasesa. Umume, jejer iku arupa tembung aran, gatra aran, utawa ukara gatra (Subagyo, 2014:30)

Jejer yaiku perangan kang dadi bakuning ukara, utawa perangan kang dadi lelaжере ukara. Manut pranataning ukara, jejer iku akeh-akehe/lumrahe dumunung ing ngarep, nanging uga ana kang dumunung ing tengah utawa ing pungkasan ukara (Sasangka, 2011:156)

Jejer lumrahe dumunung ana ing sakiwane wasesa. Kanggo mangerteni yen tembung kasebut nduweni guna jejer dibuktekake kanthi tembung patanya, sapa lan apa (Sudaryanto, 1991: 127).

Peranganing jejer kang wigati dhewe diarani luguning jejer, dene perangan kang ora wigati diarani katrangan jejer. Luguning jejer kang akeh-akeh tembung aran. Bisa uga tembung aran mawa mujud (konkrit), lan bisa uga tembung aran tanpa wujud (abstrak) (Padmosoekotjo, 1987:140).

Jejer nduweni titikan (1) bisa dadi wangsulana saka pitakonan sapa lan apa, (2) asipat tertamtu nggunakake jeneng, aran, lan tembung sesuluh, (3) bisa diwenehi katrangan sabacute kang diwiwiti tembung panyilah “kang”, (4) bisa diisi maneka warna wujud (Wedhawati, 2001:503). Jejer yaiku perangan ukara kang digunem, utawa dicritakake (Atmodjo, 1955:17).

### **b. Wasesa**

Miturut Subagyo (2014:28) wasesa yaiku sakabehing tembung utawa gatra kang ngandharake jejer ing bab pakaryan, solah, obah, tandang, kaanan, sipat, utawa wewujudane, lsp. Wasesa mujudake bebaku kang nggandheng jejer ing sakiwane, lan menawa ana, angga lesan, panggenah, apa dene katrangan kang dadi pambanguning ukara mapane ing satengene.

Wasesa yaiku perangan kang dadi inti utawa kang dadi punjering ukara. Ukara tanpa wasesa ora bisa sinebut ukara, nanging sinebut frasa (Sasangka, 2011:160). Wasesa lumrahe dinggoni tembung kang nduweni wujud tembung kriya lan frasa kriya. Nanging wasesa uga bisa dinggoni tembung kang nduweni wujud tembung kahanan, tembung wilangan, tembung aran lan frasa aran (Sasangka, 2013:162).

Wasesa nduweni titikan (1) dadi wangsulan saka pitakonon ngapa, kepriye, sepira, lan neng ndi, (2) bisa didhisiki tembung yaiku, (3) bisa didadekake ngetip nggunakake tembung ora, dudu, aja, (4) bisa disandhingi aspek arep, durung, lagi, (5) lan bisa disandhingi modhalitas arep, gelem (Wedhawati, 2001:506).

### **Lesan**

Lesan yaiku kang diles, kang diener, utawa kang dituju. Dadi, tegese lesan iku samubarang kang diles dening panindake jejer. Saengga lesan iku kudu kedadeyan saka samubarang kang bisa madeg dhewe, yaiku tembung aran, tembung sesulih, utawa tembung-tembung kang ginawe aran. Lesan wujud saka tembung aran utawa gatra aran (Subagyo, 2014:33).

Miturut Sasangka (2011:163) lesan iku ana yen ukarane awujud ukara tanduk amarga ukara tanggap ora nduwe lesan. Lesan iku perangan kang gumantung marang wasesane ukara. Yen wasesa ukara awujud tembung aran, tembung kaanan, utawa frasa ancer-ancer, ukara iku ora ana lesane.

### **Geganep**

Subagyo (2014, 34) panggena kuwi ora bisa dadi jejer ing ukara tanggap. Panggenah kudu dadi prabot baku kang kudu ana kanggo nggenahake kriyane wasesa utawa kaanan wasesa. Geganep iku kalebu perangan ukara kang gunane njangkepi wasesa. Ukara kang ana geganepe iku padatan wasesane awujud tembung kriya. Mula, gunane geganepe iku kanggo ngganepi tembung kriya kang ana ing wasesa supaya ukara ora gothang. Sanajan padha-padha njangkepi wasesa, geganepe ora padha karo lesan amarga lesan bisa didadekake jejer ing ukara tanggap, nanging geganepe ora bisa didadekake jejer ing ukara tanggap (Sasangka, 2011:167)

### **Katrangan**

Katrangan mujudake kalungguhan ing titi ukara kang paling maneka warna lan mapane ora tetep, kadhang katrangan bisa ana ing mburi, ngarep, utawa tengahe ukara. Sifate katrangan ora kudu ana, utawa diarani prabot ora baku. Nanging katrangan biyasane wujud tembung aran (Subagyo, 2014:37). Katrangan mujudake perangan ukara kang ora kudu ana ing ukara. Tanpa katrangan ukara tetep bener amarga urutane ukara tetep jumbuh karo pranatan kang ana (Sasangka, 2011:171).

Adhedhasar andharan kasebut guna kang bisa ngisi konstruksi statif lokasional yaiku jejer, wasesa, lesan, lan katrangan. Jejer mesthi ana ing saben perangan konstruksi statif lokasional, amarga jejer minangka bakune cerita. Jejer sajrone konstruksi statif lokasional yaiku arupa tembung aran insani. Wasesa uga minangka guna kang kudu ana sajrone konstruksi statif lokasional kang awujud tembung kriya kahanan. Dene lesan sajrone konstruksi statif lokasional awujud tembung aran non-insani. Uga ana katrangan sajrone konstruksi statif lokasional nuduhake papan kang dialami dening jejer, papan tujuwan, lan papan asal.

### **Kalungguhan sajrone Konstruksi Statif Lokasional**

Kalungguhan nduweni rong sipat pokok, yaiku (a) semantis lan (b) struktural. Kalungguhan asipat semantis, amarga dideleng saka maknane. Kalungguhan minangka ruh utawa jiwane sintaksis sajrone ukara lamba. Wujud kang ngiseni saben guna nduweni makna kang beda saben konstituen ing ukara (Sudaryanto, 1991: 67). Kalungguhan ing ukara bisa diperang dadi loro adhedhasar konstituen kang nglungguhi kalungguhan yaiku konstituen utama lan konstituen pangganep (Sudaryanto, 1991: 61-62).

### **Konstituen Utama**

Konstituen utama yaiku konstituen kang nglungguhi kalungguhan ing wasesa (predicator). Konstituen utama bisa nglungguhi kalungguhan proses, kahanan, tanduk, tanggap, tanggap tarung, tanduk pakon, tanggap pakon, bali angka, lan bali angka tanduk (Sudaryanto, 1991:139-150). Saliyane tembung kriya, tembung kahanan, tembung aran, lan numeralia uga bisa nglungguhi kalungguhan wasesa (Wedhawati, 2006:524).

### **Konstituen Pangganep**

Konstituen pangganep yaiku konstituen kang ana orane ditemtokake dening wasesa (predikator) kang diarani argumen. Saben pamarsudi basa nduweni panemu kang beda anggane ngandharake kalungguhan kang diduweni argumen.

Adhedhasar teori tradhisional kalungguhan gumantung saka guna kang ana ing ukara. Dene teori struktural ora ngandharake ngenani kalungguhan, jalaran teori iki ora ngandharake ngenani semantik utawa makna. Miturut transformasi generatif kalungguhan minangka struktur batin kang bisa dideleng saka struktur lair ukara kasebut yaiku saka wujud lan guna mula kalungguhan sajrone transformasi generatif bisa diperang dadi paraga (agentif), panandhang, reseptif, paraga lan panandhang (agentif lan objektif), sumber, panampa (benefaktif), faktor, kriya tanduk, kriya tanggap, kahanan, resipokal, proses, tujuwan, papan, cara, lan wektu (Alwasillah, 2011:103).

### **METODHE PANLITEN**

Isine bab III iki yaiku (1) titikane panliten, (2) ubarampene panliten, lan (3) tatacarane panliten. Luwih jangkepe diandharake ing ngisor iki.

### **Titikane Panliten**

Titikane panliten iki diperang dadi loro yaiku jinise panliten lan sipate panliten. Luwih jangkepe diandharake ing ngisor iki.

### **Jinis Panliten**

Panliten iki kalebu panliten dheskriptif, amarga panliten iki dijlentrehake nggunakake analisis. Semono

uga sajrone panliten iki dijlentrehake ngenani sesambungan ukara ngenani semantik, sintaksis, lan morologine kanthi nggunakake teori transformasi generatif.

### **Sipate Panliten**

Panliten iki asipat panliten sinkronis, amarga basa kang diteliti ing panliten iki yaiku basa Jawa ing jaman saiki (Kridalaksana, 2008:222). Panliten asipat sinkronis yaiku panliten basa kanthi nлити fenomena sawijine basa ing wektu tartamtu (Mahsun, 2005:117). Panliten konstruksi statif lokasional ing basa Jawa dijlentrehake nggunakake tuturan basa Jawa ing jaman saiki.

### **Ubarampe Panliten**

Ubarampene saka panliten iki ana telu, yaiku dhata panliten, sumber dhata panliten, lan instrumen panliten. Bakal diandharake ing ngisor iki.

### **Dhata Panliten**

Dhata sajrone panliten iki yaiku, 1) konstruksi statif lokasional presentif, 2) konstruksi statif lokasional dhestinatif, lan 3) konstruksi statif lokasional orinatif.

### **Sumber Dhata Panliten**

Sumber dhata panliten iki yaiku ukara-ukara kang ngadhut konstruksi statif lokasional. Sumber dhata sajrone panliten iki njupuk dhata tulis amarga dhata tulis luwih dinalar. Dene njupuk dhata saka kalawarti Panjebur Semangat amarga sajrone kalawarti isine maneka warna lan dibedakake miturut rubrik. Banjur dhata tulis sing dijupuk yaiku awujud non fiksi amarga dhata tulis non fiksi ora ana rekaane.

### **Instrumen Panliten**

Intrumen panliten iki kaperang dadi telu yaiku (1) instrumen kanggo nglumpukake dhata, lan (2) instrumen kanggo ngandharake lan njlentrehake dhata. Tetelune bakal diandharake ing ngisor iki

- 1) Instrumen kanggo nglumpukake dhata ing panliten iki yaiku arupa pirati tulis kaya pulpen kanggo nyathet dhata lan tetembungan kang wigati. Saliyane iku ana kertu dhata kanggo nggampangake nglumpukake dhata lan nggolongake dhata adhedhasar konsep lan teori.
- 2) Instrumen kanggo njlentrehake dhata ing panliten iki yaiku ana laptop kanggo ngetig jlentrehane dhata.

### **Tatacarane Panliten**

Panliten ngenani konstruksi statif lokasional ing basa Jawa iki nggunakake metodhe lan teknik

panliten kang diperang dadi telung cara, yaiku (1) tata cara nglumpukake dhata, (2) tata cara njlentrehake dhata, (3) tata cara nyuguhake asil jlentrehane dhata (Sudaryanto,1993:5). Saben tata cara kuwi nduweni ancangan lan teknik dhewe-dhewe. Ancangan lan teknik mau bakal diandharake kaya mangkene.

### **Tata Cara Nglumpukake Dhata**

Tata cara nglumpukake dhata yaiku kanthi nggunakake teknik cathet. Teknik cathet yaiku teknik kanggo golek dhata kanthi cara nyathet dhata kang dibutuhake (Mahsun, 2005:131). Kanthi nyathet sumber dhata yaiku kang arupa non fiksi sajrone kalawarti panjebur semangat. Sawise nyathet, banjur dhata kasebut diklumpukake adhedhasar jinie konstruksi konstruksi statif lokasional. Ukara kang wis diklumpukake diketig minangka lampiran dhata panliten kanthi menehi nomer urut.

### **Tata Cara Njlentrehake Dhata**

Dhata kang wis diklumpukake kanthi nggunakake metode lan teknik nglumpukake dhata, banjur diidentifikasikake lan diklasifikasi. Dhata kasebut banjur dijlentrehake nggunakake metodhe agih utawa distribusional yaiku ngolah dhata arupa basa kanthi cara nemtokake perangan-perangane basa iku dhewe. Dhata saka panliten iki diklumpukake banjur dianalisis manut triasppek siktaksise yaiku wujud, guna, lan kalungguhan. Metodhe agih iki nduweni maneka teknik yaiku teknik nambahi, teknik walik, lan teknik owah wujud (Sudaryanto, 2015:42). Metodhe dhibribusional dianggo kanggo njlentrehake wujud, guna, lan kalungguhan konstruksi konstruksi statif lokasional ing basa Jawa. Teknik kang digunakake ing panliten iki yaiku teknik nambahi, teknik ganti, lan teknik owah wujud kang diandharake ing ngisor iki.

### **Teknik Ganti**

Teknik ganti yaiku teknik njlentrehake dhata kanthi nggenti sawijine unsur tartamtu karo unsur tartamtu liyane sanjabane satuwan lingual. Tata carane njlentrehake dhata kanthi teknik ganti bisa dideleng ing tuladha iki:

- (1) Aris mulih menyang Surabaya.
- (1a) Aris mencolot menyang Surabaya.

### **Teknik Ngowahi Wujud**

Teknik owah wujud yaiku teknik njlentrehake dhata kanthi cara ngowahi sawijine unsure utawa satuwan basa tartamtu sajrone konstruksi kang dianalisis. Tatacarane njlentrehake dhata kanthi teknik owah wujud bisa dideleng saka tuladha ing ngisor iki.

- (1) Rida budhal menyang Jakarta.

(2a) Menyang Jakarta Rida budhal.

### Teknik Walik

Teknik walik yaiku teknik njlentrehake dhata kanthi malik sawijine unsur tartamtu karo unsur tartamtu liyane. Tata carane njlentrehake dhata kanthi teknik walik bisa dideleng ing tuladha iki:

(2) Santo manggon ing Jakarta.

(3a) Ing Jakarta Santo manggon.

### Tata Cara Nyuguhake Asil Jlentrehane Dhata

Tatacarane nyuguhake asil njlentrehake dhata sajrone panliten iki yaiku kanthi ngandharake asil panliten kang disuguhake awujud laporan tulis kang diasilake sajrone panliten iki, mligine ngenani konstruksi statif lokasional ing basa Jawa. Asile panjlentrehan dhata banjur disuguhake utawa ditulis kanthi formal lan informal. Cara formal yaiku nggunakake tandha karo lambang. Yen informal yaiku nyuguhake asile dhata kang dijlentrehake kanthi cara dheskripsi kang nggunakake tembung kang lumrah saengga bisa dingerteni dening pamaca saka asile panliten (Sudaryanto, 2015:241).

### JLENTREHAN DHATA LAN DHISKUSI ASIL PANLITEN

Isine bab IV iki diperang dadi telu, yaiku (1) andharan lan jlentrehan dhata, (2) asile panliten, lan (3) dhiskusi asile panliten. Luwih jangkepe diandharake ing ngisor iki.

### Andharan lan Jlentrehan Dhata

Andharan lan jlentrehan dhata panliten iki diperang dadi telu adhedhasar tegese, yaiku (1) konstruksi statif lokasional presentif, yaiku satuwan gramatikal kang nuduhake sawijine papan (ing) sajrone ukara. (2) konstruksi statif lokasional dhestinatif, yaiku satuwan gramatikal kang nuduhake sawijine papan tujuwan (menyang) sajrone ukara. lan (3) konstruksi statif lokasional originatif, yaiku satuwan gramatikal kang nuduhake sawijine papan asal (saka) sajrone ukara. Tetelune diandharake ing ngisor iki.

### Konstruksi Statif Lokasional Presentif

Konstruksi statif lokasional presentif diperang dadi telu, yaiku (1) konstruksi statif lokasional presentif dhemonstratif proksimal, (2) konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif medial, lan (3) konstruksi statif lokasional originatif dhemonstratif distal. Tetelune bakal diandharake ing ngisor iki.

### 1) Konstruksi Statif Lokasional Presentif Dhemonstratif Proksimal

Andharan lan jlentrehan ngenani konstruksi statif lokasional presentif dhemonstratif proksimal dituduhake ing ngisor iki.

(1)	<u>Widiantoro</u>	<u>methangkring</u>	<u>ing</u> <u>sepedha</u>	(PS, no 5, 31 Januari 2015)
	Wj	T Ar	T Kr	F Ar
	Gn	J	W	K
	Kl	Pngl	TKrKhPtfPml	Ppn

Saka dhata (1) nuduhake anane konstruksi statif lokasional presentif kang ditengeri kanthi anane tembung “ing” kanggo nuduhake anane jejer ing sawijine papan. Jejer sajrone ukara kasebut yaiku Tembung “Widiantoro” awujud tembung aran insani kang dibuktekake kanthi tembung “dudu” ing mburine tembung “Roni” sadurunge tembung “methangkring”. Nalika jejer diisi tembung aran insani, ukara kasebut bisa dadi ukara konstruksi statif lokasional presentif.

(1) Widiantoro methangkring ing sepedha.

(1a) **Dhuwit** methangkring ing sepedha.\*)

(1b) Widiantoro **ngombe** ing sepedha.

(1c) Ing sepedha Widiantoro methangkring.

Sajrone ukara (1a) tembung “dhuwit” minangka jejer kang awujud tembung aran non insani. Nalika jejer saka dhata (1) diowahi, mula ukarane isih awujud gramatikal, nanging ora ana semantike. Sajrone ukara (1a) tembung “dhuwit” kalebu guna jejer amarga ana ing kiwane wasesa. Kanggo mbuktekake yen tembung “Widiantoro” minangka jejer banjur bisa dibuktekake kanthi cara semantike yaiku konstruksi statif lokasional presentif kanthi cara menahi pitakonan sapa yaiku “sapa sing methingkrang ing sepedha?” wangsulane yaiku “Widiantoro” minangka jejer lan nduweni kalungguhane pengalam amarga jejer lagi ngalami ing sawijine papan.

Banjur tembung “methingkrang” awujud statif lokasional presentif kang bisa dibuktekake anane tembung “ora” sadurunge tembung “methingkrang” banjur dhata kasebut trep. Guna saka tembung “methingkrang” yaiku wasesa. Kalungguhane tembung “methingkrang” yaiku konstruksi statif lokasional, amarga tembung “methingkrang” ngandharake jejer lagi ana ing sawijine papan. Tembung methingkrang teges wantah yaiku lungguh ing papan kang dhuwur.

Sajrone ukara (1b) ukarane isih gramatikal, nanging ora nuduhake anane konstruksi statif lokasional presentif. Frasa “ing sepedha” nduweni frasa aran. Frasa “ing sepedha” nduweni guna yaiku



minangka katrangan. Dene kalungguhane saka frasa “ing sepedha” yaiku nuduhake ing sawijine papan.

(2)	(2)	<u>Mobil patroli</u>	<u>Mandheg</u>	<u>ing ngarep warung</u>
		Wj	T Ar	T KrKh
		Gn	J	W
		Kl	Pngl	KrKhPtfPml
				F Ar
				K
				Ppn

Konstruksi statif lokasional presentif sajrone dhata (2) ditengeri kanthi anane tembung “ing” kanggo nuduhake anane jejer ing sawijine papan. Frasa “mobil patroli” minangka jejer sajrone ukara kasebut kang awujud tembung aran non insani kang dibuktekake kanthi tembung “dudu” ing mburine frasa “mobil patroli” sadurunge tembung “mandheg”. Nalika jejer diisi tembung aran insani, ukara kasebut bisa dadi ukara konstruksi statif lokasional presentif lokasional dhemonstratif proksimal.

(2) Mobil patroli mandheg ing ngarep warung.

(2a) **Panci** mandheg ing ngarep warung.\*)

(2b) Mobil **mencolot** ing ngarep warung.\*)

Sajrone ukara (2a) tembung “panci” minangka jejer kang awujud tembung aran non insani. Nalika jejer saka dhata (2) diowahi, mula ukarane isih awujud gramatikal, nanging ora ana semantike. Sajrone ukara (3a) tembung “panci” kalebu guna jejer amarga ana ing kiwane wasesa. Frasa “mobil patroli” minangka jejer banjur bisa dibuktekake kanthi cara semantike yaiku konstruksi statif lokasional presentif kanthi cara menahi pitakonan sapa yaiku “sapa sing mandheg ing ngarep warung?” wangsulane yaiku “mobil patroli” minangka jejer lan nduweni kalungguhan pengalam amarga jejer lagi nglami ing sawijine papan.

Banjur tembung “mandheg” awujud statif lokasional presentif kang bisa dibuktekake anane tembung ”ora” sadurunge tembung “mandheg” banjur dhata kasebut trep. Guna saka tembung “mandheg” yaiku wasesa. Kalungguhane tembung “mandheg” yaiku konstruksi statif lokasional, amarga tembung “mandheg” ngandharake jejer lagi ana ing sawijine papan. Tembung mandheg nduweni teges wantah yaiku leren sawise mlaku, obah.

Sajrone ukara (2b) ukarane isih gramatikal, nanging ora nuduhake anane konstruksi statif lokasional presentif. Frasa “ing ngarep omah” nduweni frasa aran. Frasa “ing ngarep warung” nduweni guna yaiku minangka katrangan. Dene kalungguhane saka frasa “ing ngarep warung” yaiku nuduhake ing sawijine papan.

## 2) Konstruksi Statif Lokasional Presentif Dhemonstratif Medial.

Andharan lan jlentrehan ngenani konstruksi statif lokasional presentif dhemonstratif medial dituduhake ing ngisor iki.

(1) Maling pitik kelara-lara ing sawah (PS, no 8, 21 Pebruari 2015)

(PS, no 48, 28 Nopember 2015)	Wj	F Ar	F Kr	F Ar
	Gn	J	W	K
	Kl	Pngl	TKrKhPtfMdl	Ppn

Saka dhata (1) nuduhake anane konstruksi statif lokasional presentif kang ditengeri kanthi anane tembung “ing” kanggo nuduhake anane jejer ing sawijine papan. Jejer sajrone ukara kasebut yaiku frasa “Maling pitik” awujud tembung aran insani kang dibuktekake kanthi tembung “dudu” ing mburine frasa “maling pitik” sadurunge frasa “kelara-lara”. Nalika jejer diisi tembung aran insani, ukara kasebut bisa dadi ukara konstruksi statif lokasional presentif.

(1) Maling pitik kelara-lara ing sawah.

(1a) **Gelas** kelara-lara ing sawah.\*)

(1b) Maling pitik **ndheprok** ing sawah.

Sajrone ukara (1a) tembung “gelas” minangka jejer kang awujud tembung aran non insani. Nalika jejer saka dhata (1) diowahi, mula ukarane isih awujud gramatikal, nanging ora ana semantike. Sajrone ukara (1a) tembung “gelas” kalebu guna jejer amarga ana ing kiwane wasesa. Kanggo mbuktekake yen frasa “maling pitik” minangka jejer banjur bisa dibuktekake kanthi cara semantike yaiku konstruksi statif lokasional presentif kanthi cara menahi pitakonan sapa yaiku “sapa sing kelara-lara ing sawah?” wangsulane yaiku “maling pitik” minangka jejer lan nduweni kalungguhane pengalam amarga jejer lagi nglami ing sawijine papan.

Banjur tembung “kelara-lara” awujud statif lokasional presentif kang bisa dibuktekake anane tembung ”ora” sadurunge tembung “kelara-lara” banjur dhata kasebut trep. Guna saka tembung “kelara-lara” yaiku wasesa. Kalungguhane tembung “kelara-lara” yaiku konstruksi statif lokasional, amarga tembung “kelara-lara” ngandharake jejer lagi ana ing sawijine papan. Tembung kelara-lara nduweni teges wantah yaiku nelangsa, banget anggane nangis, susah.

Sajrone ukara (1b) ukarane isih gramatikal. Frasa “ing sawah” nduweni frasa aran. Frasa “ing sawah” nduweni guna yaiku minangka katrangan. Dene kalungguhane saka frasa “ing sawah” yaiku nuduhake ing sawijine papan.

(2) Generasi anyar manggon ing sektor pertanian (PS, no 13, 28 Maret 2015)

	Wj	F Ar	T KrKh	F Ar
	Gn	J	W	K

Kl Pngl KrKhPtfPml Ppn

Konstruksi statif lokasional presentif sajrone dhata (2) bisa ditengeri kanthi anane tembung “ing” kanggo nuduhake anane jejer ing sawijne papan. Jejer sajrone ukara kasebut yaiku frasa “generasi anyar” awujud tembung aran insani kang dibuktekake kanthi tembung “dudu” ing mburine tembung “generasi anyar” sadurunge tembung “manggon”. Nalika jejer diisi tembung aran insani, ukara kasebut bisa dadi ukara konstruksi statif lokasional presentif.

- (2) Generasi anyar manggon ing sektor pertanian.  
 (2a) **Toples** manggon ing sektor pertanian.\*  
 (2b) Generasi anyar **mikir** ing sektor pertanian.

Sajrone ukara (2a) tembung “toples” minangka jejer kang awujud tembung aran non insani. Nalika jejer saka dhata (2) diowahi, mula ukarane isih awujud gramatikal, nanging ora ana semantike. Sajrone ukara (2a) tembung “toples” kalebu guna jejer amarga ana ing kiwane wasesa. Kanggo mbuktekake yen frasa “generasi anyar” minangka jejer banjur bisa dibuktekake kanthi cara semantike yaiku konstruksi statif lokasional presentif kanthi cara menahi pitakonan sapa yaiku “sapa sing manggon ing sektor pertanian?” wangsulane yaiku “generasi anyar” minangka jejer lan nduweni kalungguhan pengalami amarga jejer lagi nglami ing sawijine papan.

Banjur tembung “manggon” awujud statif lokasional presentif kang bisa dibuktekake anane tembung “ora” sadurunge tembung “manggon” banjur dhata kasebut trep. Guna saka tembung “manggon” yaiku wasesa. Kalungguhane tembung “manggon” yaiku konstruksi statif lokasional, amarga tembung “manggon” ngandharake jejer lagi ana ing sawijine papan. Tembung manggon nduweni teges wantah yaiku dedunung ana ing.

Sajrone ukara (2b) ukarane isih gramatikal, nanging ora nuduhake anane konstruksi statif lokasional presentif. Frasa “ing sektor pertanian” nduweni frasa aran lan bisa dibuktekake kanthi cara diwenahi tembung “dudu” ing kiwane frasa “ing sektor pertanian” dadine yaiku “dudu ing sektor pertanian”. Frasa “ing sektor pertanian” nduweni guna yaiku minangka katrangan. Dene kalungguhane saka frasa “ing sektor pertanian” yaiku nuduhake ing sawijine papan.

### 3) Konstruksi Statif Lokasional Presentif Dhemonstratif Distal

Andharan lan jlentrehan ngenani konstruksi statif lokasional presentif dhemonstratif medial dituduhake ing ngisor iki.

(1)	<u>Mbak Surti</u>	<u>ana</u>	<u>ing</u>	(PS, no
			<u>Malaysia</u>	10, 5
				Maret
				2016)
	Wj	F Ar	T Kr	F Ar
	Gn	J	W	K
	Kl	Pngl	TKrKhPtfDtl	Ppn

Saka dhata (1) nuduhake anane konstruksi statif lokasional presentif kang ditengeri kanthi anane tembung “ing” kanggo nuduhake anane jejer ing sawijne papan. Jejer sajrone ukara kasebut yaiku tembung “Mbak Surti” awujud tembung aran insani kang dibuktekake kanthi tembung “dudu” ing mburine frasa “Mbak Surti” sadurunge tembung “ana”. Nalika jejer diisi tembung aran insani, ukara kasebut bisa dadi ukara konstruksi statif lokasional presentif dhemonstratif distal.

- (1) Mbak Surti ana ing Malaysia.  
 (1a) **Watu** ana ing Malaysia.\*  
 (1b) Mbak Surti **ngadeg** ing Malaysia.

Sajrone ukara (1a) tembung “watu” minangka jejer kang awujud tembung aran non insani. Nalika jejer saka dhata (1) diowahi, mula ukarane isih awujud gramatikal, nanging ora ana semantike. Sajrone ukara (1a) tembung “watu” kalebu guna jejer amarga ana ing kiwane wasesa. Kanggo mbuktekake yen frasa “Mbak Surti” minangka jejer banjur bisa dibuktekake kanthi cara semantike yaiku konstruksi statif lokasional presentif kanthi cara menahi pitakonan sapa yaiku “sapa sing ana ing Malaysia?” wangsulane yaiku “Mbak Surti” minangka jejer lan nduweni kalungguhan pengalam amarga jejer lagi nglami ing sawijine papan.

Banjur tembung “ana” awujud statif lokasional presentif kang bisa dibuktekake anane tembung “ora” sadurunge tembung “ana” banjur dhata kasebut trep. Guna saka tembung “ana” yaiku wasesa. Kalungguhane tembung “ana” yaiku konstruksi statif lokasional, amarga tembung “ana” ngandharake jejer lagi ana ing sawijine papan. Tembung ana teges wantah yaiku dumunung ing.

Sajrone ukara (1b) ukarane isih gramatikal, Frasa “ing Malaysia” nduweni frasa. Frasa “ing Malaysia” nduweni guna yaiku minangka katrangan. Dene kalungguhane saka frasa “ing Malaysia” yaiku nuduhake ing sawijine papan.

### Konstruksi Statif Lokasional Dhestinatif

Konstruksi statif lokasional dhestinatif diperang dadi telu, yaiku (1) konstruksi statif lokasional dhestinatif proksimal, (2) konstruksi statif lokasional dhestinatif medial, lan (3) konstruksi statif lokasional dhestinatif distal. Katelune bakal diandharake ing ngisor iki.

### 1) Konstruksi Statif Lokasional Dhestinatif Dhemonstratif Proksimal

Andharan lan jlentrehan ngenani konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif medial dituduhake ing ngisor iki.

(1)	<u>Tahanan</u> <u>papat</u>	<u>mlebu</u>	<u>menyang</u> <u>ruwang</u> <u>papriksa</u>	(PS, no 1, 3 Januari 2015)
	Wj	F Ar	T Kr	F Ar
	Gn	J	W	K
	Kl	Pngl	TKrKhDtfPml	Ppn

Saka dhata (1) kalebu konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif. tembung “mlebu” iki nduweni teges wantah yaiku menjero, menyang ing njero. Sajrone ukara kasebut tembung “tahanapan papat” awujud tembung aran insani kang dibuktekake kanthi tembung “dudu” ing mburine tembung “tahanapan papat” sadurunge tembung “mlebu”. Nalika jejer diisi tembung aran insani, ukara kasebut bisa dadi ukara konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif.

- (1) Tahanan papat mlebu menyang ruwang papriksa.  
 (1a) **Suri** mlebu menyang ruwang papriksa.\*  
 (1b) Tahanan papat **mlayu** menyang ruwang papriksa.

Sajrone ukara (1a) tembung “suri” minangka jejer kang awujud tembung aran non insani. Nalika jejer saka dhata (1) diowahi, mula uakarane isih awujud gramatikal, nanging ora ana semantike. Sajrone ukara (1a) tembung “suri” kalebu guna jejer amarga ana ing kiwane wasesa. Kanggo mbuktekake yen tembung “tahanapan papat” minangka jejer kanthi cara semantike konstruksi statif lokasional dhestinatif bisa dibuktekake kanthi cara menahi pitakonan sapa yaiku “sapa sing mlebu menyang ruwang papriksa?” wangsulane yaiku “tahanapan papat” minangka jejer lan nduweni kalungguhane pengalam amarga jejer lagi nglami ing sawijine papan kang dituju.

Banjur tembung “mlebu” awujud statif lokasional dhestinatif dhemonstratif kang bisa dibuktekake anane tembung “ora” sadurunge tembung “mlebu” banjur dhata kasebut bisa trep. Nalika sawise diwenehi tembung “ora” banjur trep lan tembung “mlebu” kagolong konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif. Guna saka tembung “mlebu” yaiku wasesa kang bisa ditengeri yen wasesa manggon ing tengene jejer nalika ukarane jejer wasesa. Kalungguhan saka tembung “mlebu” bisa kalebu konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif, amarga saka tembung “mlebu” iki ngandharake jejer lagi ana ing sawijine papan. Nalika tembung “mlebu” yen diganti karo tembung “mlayu” kaya ing (1b) isih kalebu gramatikal, nanging semantike ora nuduhake anane konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif.

Frasa “menyang ruwang papriksa” nduweni wujud frasa aran. Frasa “menyang kamar papriksa” nduweni wujud frasa aran. Frasa “menyang ruwang papriksa” nduweni guna katrangan amarga ngandharake sawijine katrangan papan. Dene kalungguhan saka frasa “menyang ruwang papriksa” yaiku papan, amarga ngandharake kadadeyan kang ana ing sawijine papan kang lagi dituju.

(2)	<u>Anggraeni</u>	<u>ngeblas</u>	<u>menyang</u> <u>mobil</u>	(PS, no 1, 3 Januari 2015)
	Wj	T Ar	T KrKh	F Ar
	Gn	J	W	K
	Kl	Pngl	KrKhDtfPml	Ppn

Dhata (2) kalebu konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif. tembung “ngeblas” iki nduweni teges wantah yaiku dumadakan mlayu rikat. Sajrone ukara kasebut tembung “Anggraeni” awujud tembung aran insani kang dibuktekake kanthi tembung “dudu” ing mburine tembung “Anggraeni” sadurunge tembung “ngeblas”. Nalika jejer diisi tembung aran insani, ukara kasebut bisa dadi ukara konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif.

- (2) Anggraeni ngeblas menyang mobil.  
 (2a) **Topi** ngeblas menyang mobil.\*  
 (2b) Anggraeni **ngombe** menyang mobil.\*

Ukara (2a) tembung “topi” minangka jejer kang awujud tembung aran non insani. Nalika jejer saka dhata (2) diowahi, mula uakarane isih awujud gramatikal, nanging ora ana semantike. Sajrone ukara (2a) tembung “topi” kalebu guna jejer amarga ana ing kiwane wasesa. Kanthi cara semantike konstruksi statif lokasional dhestinatif bisa dibuktekake kanthi cara menahi pitakonan sapa yaiku “sapa sing ngeblas menyang mobil?” wangsulane yaiku “Anggraeni” minangka jejer lan nduweni kalungguhan pengalam amarga jejer lagi ngalami ing sawijine papan kang dituju.

Banjur tembung “ngeblas” awujud statif lokasional dhestinatif dhemonstratif kang bisa dibuktekake anane tembung “ora” sadurunge tembung “ngeblas” banjur dhata kasebut bisa trep. Sawise diwenehi tembung “ora” banjur trep lan tembung “ngeblas” kagolong konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif. Guna saka tembung “ngeblas” yaiku wasesa kang bisa ditengeri yen wasesa manggon ing tengene jejer nalika ukarane jejer wasesa. Kalungguhan saka tembung “ngeblas” bisa kalebu konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif, amarga saka tembung “ngeblas” iki ngandharake jejer lagi ana ing sawijine papan. Nalika tembung “ngeblas” yen diganti karo tembung “ngombe” kaya ing ukara (2b) isih kalebu gramatikal, nanging semantike ora nuduhake anane konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif.

Frasa “menyang mobil” nduweni wujud frasa aran. Nalika diwenehi tembung “dudu” banjur trep. Frasa “menyang mobil” nduweni wujud frasa aran. Frasa “menyang mobil” nduweni guna katrangan

amarga ngandharake sawijine katrangan papan. Dene kalungguhan saka frasa “menyang mobil” yaiku papan amarga ngandharake kadadayan kang ana ing sawijine papan kang lagi dituju.

## 2) Konstruksi Statif Lokasional Dhestinatif Dhemonstratif Medial

Andharan lan jlentrehan ngenani konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif medial dituduhake ing ngisor iki.

(1)	<u>Petugas</u>	<u>nggawa</u>	<u>jisim</u>	<u>menyang RSUD</u>	(PS, no 1, 3 Januari 2015)
	Wj	T Ar	T Kr	T Ar	F Ar
	Gn	J	W	G	K
	Kl	Pngl	TKrKhD tfMdl	Pnd	Ppn

Saka dhata (1) kalebu konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif. tembung “nggawa” iki nduweni teges wantah yaiku nyekel utawa ngangkat barang karo mlaku utawa mingser. Sajrone ukara kasebut tembung “petugas” awujud tembung aran insani kang dibuktekake kanthi tembung “dudu” ing mburine tembung “petugas” sadurunge tembung “nggawa”. Nalika jejer diisi tembung aran insani, ukara kasebut bisa dadi ukara konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif.

- (1) Petugas nggawa jisime menyang RSUD.
- (1a) **Tembak** nggawa jisime menyang RSUD.\*)
- (1b) Petugas **njunjung** jisime menyang RSUD.\*)
- (1c) Jisime digawa petugas menyang RSUD.

Sajrone ukara (1a) tembung “tembak” minangka jejer kang awujud tembung aran non insani. Nalika jejer saka dhata (1) diowahi, mula uakarane isih awujud gramatikal, nanging ora ana semantike. Sajrone ukara (1a) frasa “tembak” kalebu guna jejer amarga ana ing kiwane wasesa. Kanggo mbuktekake yen tembung “petugas” minangka jejer bisa dibuktekake kanthi cara semantike konstruksi statif lokasional dhestinatif kanthi cara menahi pitakonan sapa yaiku “sapa sing nggawa jisime menyang RSUD?” wangsulane yaiku “petugas” minangka jejer lan nduweni kalungguhane pengalaman amarga jejer lagi nglami ing sawijine papan kang dituju.

Banjur tembung “nggawa” awujud statif lokasional dhestinatif kang bisa dibuktekake anane tembung ”ora” sadurunge tembung “nggawa” banjur

dhata kasebut trep. Guna saka tembung “nggawa” yaiku wasesa. Kalungguhane tembung “nggawa” yaiku konstruksi statif lokasional, amarga tembung “nggawa” ngandharake jejer lagi ana ing sawijine papan kang dituju.

Sajrone ukara (1b) ukarane isih gramatikal, nanging ora nuduhake anane konstruksi statif lokasional dhestinatif. Frasa “menyang RSUD” nduweni frasa aran lan bisa dibuktekake kanthi cara diwenehi tembung “dudu” ing kiwane frasa “menyang RSUD”. Frasa “menyang RSUD” nduweni guna yaiku minangka katrangan. Dene kalungguhane saka frasa “menyang RSUD” yaiku papan kang dituju.

Tembung “jisime” nduweni wujud frasa aran kang bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “dudu” ing kiwane tembung “jisime” dadine yaiku “dudu jisime”. Tembung “jisime” nduweni guna geganep amarga kanggo ngganepi wasesa supaya ora gothang. Tembung “jisime” bisa dadi jejer kaya ing ukara (2c) nanging kurang trep.

(2)	<u>Marno</u>	<u>budhal</u>	<u>menyang sawah</u>	(PS, no 3, 7 Januari 2015)
	Wj	T Ar	T KrKh	T Ar
	Gn	J	W	K
	Kl	Pngl	KrKhDtfPml	Ppn

Dhata (2) kalebu konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif. tembung “budhal” iki nduweni teges wantah yaiku ngirim donga klawan nggawa kembang marang kuburan. Sajrone ukara kasebut tembung “Marno” awujud tembung aran insani kang dibuktekake kanthi tembung “dudu” ing mburine tembung “Marno” sadurunge tembung “budhal”. Nalika jejer diisi tembung aran insani, ukara kasebut bisa dadi ukara konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif.

- (2) Marno budhal menyang sawah.
- (2a) **Kalung** budhal menyang sawah.\*)
- (2b) Marno **miber** menyang sawah.\*)

Sajrone ukara (2a) tembung “kalung” minangka jejer kang awujud tembung aran non insani. Nalika jejer saka dhata (2) diowahi, mula uakarane isih awujud gramatikal, nanging ora ana semantike. Sajrone ukara (2a) tembung “kalung” kalebu guna jejer amarga ana ing kiwane wasesa. Kanggo mbuktekake yen tembung “Marno” minangka jejer kanthi cara semantike konstruksi statif lokasional dhestinatif bisa dibuktekake kanthi cara menahi pitakonan sapa yaiku “sapa sing budhal menyang sawah?” wangsulane yaiku “Marno” minangka jejer lan nduweni kalungguhan pengalaman amarga jejer lagi ngalami ing sawijine papan kang dituju.

Banjur tembung “budhal” awujud statif lokasional dhestinatif dhemonstratif kang bisa dibuktekake anane tembung ”ora” sadurunge tembung “budhal” banjur dhata kasebut bisa trep. Nalika sawise

diwenehi tembung “ora” banjur trep lan tembung “budhal” kagolong konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif. Guna saka tembung “budhal” yaiku wasesa kang bisa ditengeri yen wasesa manggon ing tengene jejer nalika ukarane jejer wasesa. Kalungguhan saka tembung “budhal” bisa kalebu konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif, amarga saka tembung “budhal” iki ngandharake jejer lagi ana ing sawijine papan. Nalika tembung “budhal” yen diganti karo tembung “budhal” kaya ing (2b) isih kalebu gramatikal, nanging semantike ora nuduhake anane konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif.

Frasa “menyang sawah” nduweni wujud frasa aran kang bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “dudu” ing kiwane tembung “menyang sawah”, yaiku “dudu menyang sawah”. Nalika diwenehi tembung “dudu” banjur trep. Frasa “menyang sawah” nduweni wujud frasa aran. Frasa “menyang sawah” nduweni guna katrangan amarga ngandharake sawijine katrangan papan. Dene kalungguhan saka frasa “menyang sawah” yaiku papan, amarga ngandharake kadadeyan kang ana ing sawijine papan kang lagi dituju.

### 3) Kosntruksi Statif Lokasional Dhestinatif Dhemonstratif Distal

Andharan lan jlentrehan ngenani konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif distal dituduhake ing ngisor iki.

(1)	<u>Anggota</u> <u>ISIS</u>	<u>plesir</u>	<u>menyang</u> <u>Turki</u>	(PS, no 44, 4 November 2017)
	Wj	F Ar	T Kr	F Ar
	Gn	J	W	K
	Kl	Pngl	TKrKhDtfDtl	Ppn

Saka dhata (1) kalebu konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif. tembung “plesir” iki nduweni teges wantah yaiku lunga menyang papan sing endah kanggo nindakake tujuwan, nggolek pengalaman, seneng-seneng. Sajrone ukara kasebut frasa “anggota ISIS” awujud tembung aran insani kang dibuktekake kanthi tembung “dudu” ing mburine frasa “anggota ISIS” sadurunge frasa “anggota ISIS”. Nalika jejer diisi tembung aran insani, ukara kasebut bisa dadi ukara konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif.

- (1) Anggota ISIS plesir menyang Turki.
- (1a) **Bantal** plesir menyang Turki.\*)
- (1b) Anggota ISIS **mencolot** menyang Turki.

Sajrone ukara (1a) tembung “bantal” minangka jejer kang awujud tembung aran non insani. Nalika jejer saka dhata (1) diowahi, mula uakarane isih

awujud gramatikal, nanging ora ana semantike. Sajrone ukara (1a) frasa “anggota ISIS” kalebu guna jejer amarga ana ing kiwane wasesa. Kanthi cara semantike konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif menyang kana bisa dibuktekake kanthi cara menehi pitakonan sapa yaiku “sapa sing plesir menyang Turki?” wangsulane yaiku “anggota ISIS” minangka jejer lan nduweni kalungguhane pengalaman amarga jejer lagi nglami ing sawijine papan kang dituju.

Banjur tembung “plesir” awujud statif lokasional dhestinatif kang bisa dibuktekake anane tembung ”ora” sadurunge tembung “plesir” banjur dhata kasebut trep. Guna saka tembung “plesir” yaiku wasesa. Kalungguhane tembung “plesir” yaiku konstruksi statif lokasional, amarga tembung “plesir” ngandharake jejer lagi ana ing sawijine papan kang dituju.

Sajrone ukara (1b) ukarane isih gramatikal, nanging ora nuduhake anane konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif menyang kana. Frasa “menyang Turki” nduweni frasa aran lan bisa dibuktekake kanthi cara diwenehi tembung “dudu” ing kiwane frasa “menyang Turki”. Frasa “menyang Turki” nduweni guna yaiku minangka katrangan. Dene kalungguhane saka frasa “menyang Turki” yaiku papan kang dituju.

(2)	<u>Para</u> <u>siswa</u>	<u>nglampra</u>	<u>menyang</u> <u>Bali</u>	(PS, no 19, 7 Mei 2016)
	Wj	F Ar	T KrKhh	F Ar
	Gn	J	W	K
	Kl	Pngl	KrKhDtfDtl	Ppn

Dhata (2) kalebu konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif. tembung “nglampra” iki nduweni teges wantah yaiku lunga menyang papan sing endah kanggo nindakake tujuwan, nggolek pengalaman, seneng-seneng. Sajrone ukara kasebut frasa “para siswa” awujud tembung aran insani kang dibuktekake kanthi tembung “dudu” ing mburine frasa “para siswa” sadurunge frasa “para siswa”. Nalika jejer diisi tembung aran insani, ukara kasebut bisa dadi ukara konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif menyang kana.

- (2) Para siswa nglampra menyang Bali.
- (2a) **Kursi** nglampra menyang Bali.\*)
- (2b) Para siswa **mlayu** menyang Bali.\*)

Sajrone ukara (2a) tembung “kursi” minangka jejer kang awujud tembung aran non insani. Nalika jejer saka dhata (2) diowahi, mula uakarane isih awujud gramatikal, nanging ora ana

semantike. Sajrone ukara (2a) frasa “para siswa” kalebu guna jejer amarga ana ing kiwane wasesa. Kanthi cara semantike konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif menyang kana bisa dibuktekake kanthi cara menahi pitakonan sapa yaiku “sapa sing nglampra menyang Bali?” wangsulane yaiku “para siswa” minangka jejer lan nduweni kalungguhan pengalami amarga jejer lagi ngalami ing sawijine papan kang dituju.

Banjur tembung “nglampra” awujud statif lokasional dhestinatif kang bisa dibuktekake anane tembung “ora” sadurunge tembung “nglampra” banjur dhata kasebut trep. Guna saka tembung “nglampra” yaiku wasesa. Kalungguhane tembung “nglampra” yaiku konstruksi statif lokasional, amarga tembung “nglampra” ngandharake jejer lagi ana ing sawijine papan kang dituju.

Sajrone ukara (2b) ukarane isih gramatikal, nanging ora nuduhake anane konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif menyang kana. Frasa “menyang Bali” nduweni frasa aran lan bisa dibuktekake kanthi cara diwenahi tembung “dudu” ing kiwane frasa “menyang Bali”. Frasa “menyang Bali” nduweni guna yaiku minangka katrangan. Dene kalungguhane saka frasa “menyang Bali” yaiku papan kang dituju.

### Konstruksi Statif Lokasional Originatif

Konstruksi statif lokasional originatif diperang dadi telu, yaiku (1) konstruksi statif lokasional originatif proksimal, (2) konstruksi statif lokasional originatif medial lan (3) konstruksi statif lokasional originatif distal. Saka katelu perangan kasebut bisa diandharake ing ngisor iki.

#### 1) Konstruksi Statif Lokasional Dhestinatif Dhemonstratif Proksimal

Andharan lan jlentrehan ngenani konstruksi statif lokasional originatif dhemonstratif proksimal dituduhake ing ngisor iki.

(1) Astuti tiba saka kursi (PS, no 18, 2 Mei 2015)

Wj	T Ar	T Kr	F Ar
Gn	J	W	K
Kl	Pngl	TkrKhOtfPml	Ppn

Saka dhata (1) nuduhake anane konstruksi statif lokasional originatif kang ditengeri kanthi anane tembung “saka” kanggo nuduhake papan asal. Jejer sajrone ukara kasebut yaiku tembung “Astuti” awujud tembung aran insani kang dibuktekake kanthi tembung “dudu” ing mburine tembung “tiba” sadurunge tembung “tiba”. Nalika jejer diisi tembung aran insani,

ukara kasebut bisa dadi ukara konstruksi statif lokasional originatif dhemonstratif.

- (1) Astuti tiba saka loteng.  
 (1a) **Sepedha** tiba saka loteng \*)  
 (1b) Astuti **mencolot** saka loteng.

Sajrone ukara (1a) tembung “sepedha” minangka jejer kang awujud tembung aran insani. Nalika jejer saka dhata (1) diowahi, mula uakarane isih awujud gramatikal, nanging ora ana semantike. Sajrone ukara (1a) tembung “sepedha” kalebu guna jejer amarga ana ing kiwane wasesa. Kanggo mbuktekake yen tembung “Astuti” minangka jejer banjur bisa dibuktekake kanthi cara semantike yaiku konstruksi statif lokasional originatif kanthi cara menahi pitakonan sapa yaiku “sapa sing tiba saka loteng?” wangsulane yaiku “Astuti” minangka jejer lan nduweni kalungguhane pengalam amarga jejer lagi nglami ing sawijine papan asal.

Banjur tembung “tiba” awujud statif lokasional dhestinatif kang bisa dibuktekake anane tembung “ora” sadurunge tembung “tiba” banjur dhata kasebut trep. Guna saka tembung “tiba” yaiku wasesa. Kalungguhane tembung “tiba” yaiku konstruksi statif lokasional, amarga tembung “tiba” ngandharake jejer lagi ana ing sawijine papan asal. Tembung tiba nduweni teges wantah yaiku cumlorot, lepas saka papan dhuwur mengisor.

Sajrone ukara (1b) ukarane isih gramatikal, nanging ora nuduhake anane konstruksi statif lokasional originatif. Frasa “saka loteng” nduweni frasa aran lan bisa dibuktekake kanthi cara diwenahi tembung “dudu” ing kiwane frasa “saka loteng” dadine yaiku “dudu saka loteng”. Frasa “saka loteng” nduweni guna yaiku minangka katrangan. Dene kalungguhane saka frasa “saka loteng” yaiku papan asal.

(2) Jam Hudi bali saka sawah (PS, no 10, 7 Maret 2015)

Wj	F Ar	T KrKh	F Ar
Gn	J	W	K
Kl	Pngl	KrKhOtfPml	Ppn

Konstruksi statif lokasional originatif sajrone dhata (2) kang ditengeri kanthi anane tembung “saka” kanggo nuduhake papan asal. Jejer sajrone ukara kasebut yaiku frasa “Jam Hudi” awujud tembung aran insani kang dibuktekake kanthi tembung “dudu” ing mburine frasa “Jam Hudi” sadurunge tembung “bali”. Nalika jejer diisi tembung aran insani, ukara kasebut bisa dadi ukara konstruksi statif lokasional originatif dhemonstratif.

- (2) Jam Hudi bali gedhang saka sawah.

- (2a) **Lampu** bali gedhang saka sawah.\*)  
 (2b) **Jam Hudi mulih** gedhang saka sawah.\*)

Sajrone ukara (2a) tembung “lampu” minangka jejer kang awujud tembung aran non insani. Nalika jejer saka dhata (2) diowahi, mula uakarane isih awujud gramatikal, nanging ora ana semantike. Sajrone ukara (2a) tembung “lampu” kalebu guna jejer amarga ana ing kiwane wasesa. Kanggo mbuktekake yen frasa “Jam Hudi” minangka jejer banjur bisa dibuktekake kanthi cara semantike yaiku konstruksi statif lokasional originatif kanthi cara menahi pitakonan sapa yaiku “sapa sing bali saka sawah?” wangsulane yaiku “Jam Hudi” minangka jejer lan nduweni kalungguhan pengalami amarga jejer lagi ngalami ing sawijine papan asal.

Banjur tembung “bali” awujud statif lokasional dhestinatif kang bisa dibuktekake anane tembung ”ora” sadurunge tembung “bali” banjur dhata kasebut trep. Guna saka tembung “bali” yaiku wasesa. Kalungguhane tembung “bali” yaiku konstruksi statif lokasional, amarga tembung “bali” ngandharake jejer lagi ana ing sawijine papan asal. Tembung bali nduweni teges wantah yaiku teka ing omah utawa ing papa nasal-usule.

Sajrone ukara (2b) ukarane isih gramatikal, nanging ora nuduhake anane konstruksi statif lokasional originatif. Frasa “saka sawah” nduweni frasa aran lan bisa dibuktekake kanthi cara anane tembung “dudu” ing kiwane frasa “saka sawah” dadine yaiku “dudu saka sawah”. Frasa “saka sawah” nduweni guna yaiku minangka katrangan. Dene kalungguhane saka frasa “saka sawah” yaiku papan asal.

Tembung “gedhang” nduweni wujud frasa aran. tembung “sepedha” nduweni guna gegane amarga kanggo ngganepi wasesa supaya ora gothang. Tembung “sepedha” bisa dadi jejer kaya ing ukara (2c) nanging kurang trep.

## 2) Konstruksi Statif Lokasional Originatif Dhemosntratif Medial

Andharan lan jlentrehan ngenani konstruksi statif lokasional originatif dhemonstratif medial dituduhake ing ngisor iki.

(1)	<u>Para warga</u>	<u>ngadoh</u>	<u>saka papan kono</u>	(PS, no 10, 7 Maret 2015)
Wj	F Ar	T Kr	F Ar	
Gn	J	W	K	
Kl	Pngl	TKrKhOtfMdl	Ppn	

Saka dhata (1) nuduhake anane konstruksi statif lokasional originatif kang ditengeri kanthi anane tembung “saka” kanggo nuduhake papan asal. Jejer sajrone ukara kasebut yaiku frasa “para warga” awujud tembung aran insani kang dibuktekake kanthi tembung “dudu” ing mburine frasa “para warga” sadurunge

tembung “ngadoh”. Nalika jejer diisi tembung aran insani, ukara kasebut bisa dadi ukara konstruksi statif lokasional originatif dhemonstratif.

- (1) Para warga ngadoh saka papan kono.  
 (1a) **Bantal** ngadoh saka papan kono. \*)  
 (1b) Pak Brojo **manggon** saka kantor.\*)

Sajrone ukara (1a) tembung “bantal” minangka jejer kang awujud tembung aran insani. Nalika jejer saka dhata (1) diowahi, mula uakarane isih awujud gramatikal, nanging ora ana semantike. Sajrone ukara (1a) tembung “bantal” kalebu guna jejer amarga ana ing kiwane wasesa. Kanggo mbuktekake yen frasa “para warga” minangka jejer banjur bisa dibuktekake kanthi cara semantike yaiku konstruksi statif lokasional originatif kanthi cara menahi pitakonan sapa yaiku “sapa sing ngadoh saka papan kono?” wangsulane yaiku “para warga” minangka jejer lan nduweni kalungguhane pengalam amarga jejer lagi nglami ing sawijine papan asal.

Banjur tembung “ngadoh” awujud statif lokasional dhestinatif kang bisa dibuktekake anane tembung ”ora” sadurunge tembung “ngadoh” banjur dhata kasebut trep. Guna saka tembung “ngadoh” yaiku wasesa. Kalungguhane tembung “ngadoh” yaiku konstruksi statif lokasional, amarga tembung “ngadoh” ngandharake jejer lagi ana ing sawijine papan asal. Tembung numpak nduweni teges wantah yaiku nunggang.

Sajrone ukara (1b) ukarane isih gramatikal, nanging ora nuduhake anane konstruksi statif lokasional originatif. Frasa “saka papan kono” nduweni frasa aran lan bisa dibuktekake kanthi cara diwenahi tembung “dudu” ing kiwane frasa “saka papan kono” dadine yaiku “dudu saka papan kono”. Frasa “saka papan kono” nduweni guna yaiku minangka katrangan. Dene kalungguhane saka frasa “saka papan kono” yaiku papan asal.

(2)	<u>Para warga</u>	<u>mentas</u>	<u>saka papan kono</u>	(PS, no 10, 7 Maret 2015)
Wj	F Ar	T KrKh	F Ar	
Gn	J	W	K	
Kl	Pngl	KrKhOtfMdl	Ppn	

Dhata (2) nuduhake anane konstruksi statif lokasional originatif kang ditengeri kanthi anane tembung “saka” kanggo nuduhake papan asal. Jejer sajrone ukara kasebut yaiku frasa “para warga” awujud tembung aran insani kang dibuktekake kanthi tembung “dudu” ing mburine frasa “para warga” sadurunge tembung “mentas”. Nalika jejer diisi tembung aran insani, ukara kasebut bisa dadi ukara konstruksi statif lokasional originatif dhemonstratif.

- (2) Para warga mentas saka papan kono.  
 (2a) **Bantal** mentas saka papan kono. \*)  
 (2b) Pak Brojo **manggon** saka kantor.\*)

Sajrone ukara (2a) tembung “bantal” minangka jejer kang awujud tembung aran insani. Nalika jejer saka dhata (2) diowahi, mula uakarane isih awujud gramatikal, nanging ora ana semantike. Sajrone ukara (2a) tembung “bantal” kalebu guna jejer amarga ana ing kiwane wasesa. Kanggo mbuktekake yen frasa “para warga” minangka jejer banjur bisa dibuktekake kanthi cara semantike yaiku konstruksi statif lokasional originatif kanthi cara menahi pitakonan sapa yaiku “sapa sing mentas saka papan kono?” wangsulane yaiku “para warga” minangka jejer lan nduweni kalungguhan pengalami amarga jejer lagi ngalami ing sawijine papan asal.

Banjur tembung “mentas” awujud statif lokasional dhestinatif kang bisa dibuktekake anane tembung “ora” sadurunge tembung “mentas” banjur dhata kasebut trep. Guna saka tembung “mentas” yaiku wasesa. Kalungguhane tembung “mentas” yaiku konstruksi statif lokasional, amarga tembung “mentas” ngandharake jejer lagi ana ing sawijine papan asal. Tembung mentas nduweni teger wantah yaiku dijupuk saka ing.

Sajrone ukara (2b) ukarane isih gramatikal, nanging ora nuduhake anane konstruksi statif lokasional originatif. Frasa “saka papan kono” nduweni frasa aran lan bisa dibuktekake kanthi cara diwenehi tembung “dudu” ing kiwane frasa “saka papan kono” dadine yaiku “dudu saka papan kono”. Frasa “saka papan kono” nduweni guna yaiku minangka katrangan. Dene kalungguhane saka frasa “saka papan kono” yaiku papan asal.

### 3) Konstruksi Statif Lokasional Originatif Dhemonstratif Distal

Andharan lan jlentrehan ngenani konstruksi statif lokasional originatif dhemonstratif distal dituduhake ing ngisor iki.

(1)	<u>Mahatma</u> <u>Gandhi</u>	<u>Bali</u>	<u>saka</u> <u>India</u>	(PS, no 44, 4 November 2017)
Wj	F Ar	T Kr	F Ar	
Gn	J	W	K	
Kl	Pngl	TKrKhDtfMdl	Ppn	

Saka dhata (1) kalebu konstruksi statif lokasional originatif dhemonstratif. tembung “bali” iki nduweni teges wantah yaiku menyang papan panggonan sing wis tau ditambah amarga ana barang, pakaryan kang dijupuk utawa dirampungke. Sajrone ukara kasebut frasa “Mahatma Gandhi” awujud tembung aran insani kang dibuktekake kanthi tembung “dudu” ing mburine tembung “Mahatma Gandhi” sadurunge tembung “bali”. Nalika jejer diisi tembung aran insani, ukara

kasebut bisa dadi ukara konstruksi statif lokasional dhestinatif dhemonstratif.

- (1) Mahatma Gandhi bali saka India.  
 (1a) **Buku** bali saka India.\*)  
 (1b) Mahatma Gandhi **mlaku** saka.\*)

- (1c) Menyang India Mahtma Gandhi bali.

Sajrone ukara (1a) tembung “buku” minangka jejer kang awujud tembung aran non insani. Nalika jejer saka dhata (1) diowahi, mula uakarane isih awujud gramatikal, nanging ora ana semantike. Sajrone ukara (1a) frasa “Mahatma Gandhi” kalebu guna jejer amarga ana ing kiwane wasesa. Kanthi cara semantike konstruksi statif lokasional oroginatif bisa dibuktekake kanthi cara menahi pitakonan sapa yaiku “sapa sing bali saka India?” wangsulane yaiku “Mahatma Gandhi” minangka jejer lan nduweni kalungguhane pengalam amarga jejer lagi nglami ing sawijine papan kang dituju.

Banjur tembung “bali” awujud statif lokasional dhestinatif kang bisa dibuktekake anane tembung “ora” sadurunge tembung “bali” banjur dhata kasebut trep. Guna saka tembung “bali” yaiku wasesa. Kalungguhane tembung “bali” yaiku konstruksi statif lokasional, amarga tembung “bali” ngandharake jejer lagi ana ing sawijine papan asal.

Sajrone ukara (1b) ukarane isih gramatikal, nanging ora nuduhake anane konstruksi statif lokasional dhestinatif. Frasa “saka India” nduweni frasa aran lan bisa dibuktekake kanthi cara diwenehi tembung “dudu” ing kiwane frasa “saka India”. Frasa “saka India” nduweni guna yaiku minangka katrangan. Dene kalungguhane saka frasa “saka India” yaiku papan kang dituju.

(2)	<u>Touris</u> <u>Australia</u>	<u>mulih</u>	<u>saka</u> <u>Bali</u>	(PS, no 9, 28 Pebruari 2015)
Wj	F Ar	T KrKh	F Ar	
Gn	J	W	K	
Kl	Pngl	KrKhOtfDtl	Ppn	

Dhata (2) nuduhake anane konstruksi statif lokasional originatif kang ditengeri kanthi anane tembung “saka” kanggo nuduhake papan asal. Jejer sajrone ukara kasebut yaiku frasa “Turis Australia” awujud tembung aran insani kang dibuktekake kanthi tembung “dudu” ing mburine frasa “Turis Australia” sadurunge tembung “mulih”. Nalika jejer diisi tembung aran insani, ukara kasebut bisa dadi ukara konstruksi statif lokasional originatif dhemonstratif.

- (2) Turis Australia mulih saka Bali.  
 (2a) **Sajadah** mulih saka Bali .\*)



(2b) Turis Australia **mancing** saka Bali.\*)

Sajrone ukara (2a) tembung “sajadah” minangka jejer kang awujud tembung aran non insani. Nalika jejer saka dhata (2) diowahi, mula uakarane isih awujud gramatikal, nanging ora ana semantike. Sajrone ukara (2a) tembung “sajadah” kalebu guna jejer amarga ana ing kiwane wasesa. Kanggo mbuktekake yen frasa “Turis Australia” minangka jejer banjur bisa dibuktekake kanthi cara semantike yaiku konstruksi statif lokasional originatif kanthi cara menahi pitakonan sapa yaiku “sapa sing mulih saka Bali?” wangsulane yaiku “Turis Australia” minangka jejer lan nduweni kalungguhan pengalami amarga jejer lagi ngalami ing sawijine papan asal.

Banjur tembung “mulih” awujud statif lokasional origantif kang bisa dibuktekake anane tembung ”ora” sadurunge tembung “mulih” banjur dhata kasebut trep. Guna saka tembung “mulih” yaiku wasesa. Kalungguhane tembung “mulih” yaiku konstruksi statif lokasional, amarga tembung “mulih” ngandharake jejer lagi ana ing sawijine papan asal. Tembung muli nduweni teges wantah yaiku bali menyang asale.

Sajrone ukara (2b) ukarane isih gramatikal, nanging ora nuduhake anane konstruksi statif lokasional originatif. Frasa “saka Bali” nduweni frasa aran lan bisa dibuktekake kanthi cara anane tembung “dudu” ing kiwane frasa “saka Bali” dadine yaiku “dudu saka Bali”. Frasa “saka Bali” nduweni guna yaiku minangka katrangan. Dene kalungguhane saka frasa “saka Bali” yaiku papan asal.

## PANUTUP

### Dudutan

Konstruksi statif lokasional kalebu perangan relasi smantik gramatikal. Mula panliten iki diteliti adhedhasar triaspek sintaksise yaiku wujud, guna, lan kalungguhan. Relasi semantik gramatikal kanggo nuduhake anane sesambungan antarane bidhang ilmu semantik lan sintaksis. Konstruksi statif lokasional ing basa Jawa nduweni guna wasesa kang awujud tembung kriya kahanan. Struktur guna sajrone konstruksi statif lokasional ing basa Jawa yaiku konstituen panyengkuyung kang awujud jejer lan katrangan papan. Konstruksi statif lokasional ing basa Jawa iku akeh jejerane kayata konstruksi progresif, konstruksi refleksif, konstruksi resiprokal, konstruksi ekuatif, lsp.

### Pamrayoga

Asile panliten iki isih akeh kurang lan lupute, mula saka panliten ngarepake ana panyaru sing bisa mbangun ing panliten sabanjure. Panliti uga menahi pamrayoga kanggo panliten ngenani konstruksi statif lokasional iki kurang princi, mula diajab ana panliten sing bisa nliiti konstruksi statif lokasional kanthi luwih

princi. Panliti ngarepake panyaru amarga ana kurang lan lupute supaya bisa luwih apik ing panliten sabanjure. Ing bab dhata panliti nggunakake dhata tulis, amarga dhata tulis uga bisa diteliti ngenani konstruksi statif lokasional. Panliten ngenani konstruksi liyane isih winates, kaya dene konstruksi progresif, konstruksi reflektif, konstruksi resiprokal, konstruksi ekuatif, lsp. Mula diajab ana panliten sing bisa menahi koreksi tumrap asile panliten iki lan bisa nambahi refrensi kanggo pasinaon basa, mligine konstruksi statif lokasional.

## KAPUSTAKAN

- Adipitoyo, Sugeng. 2013. *Valensi Sintaksis Bahasa Jawa*. Surabaya: Citra Wacana
- Alwi, Hasan, dkk. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Ketiga*. Jakarta: Balai Pustaka
- Chaer, Abdul. 2002. *Tata Bahasa Baku Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT Rineka:Cipta
- Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kelas Kata dalam Bahasa Indonesia, Edisi Kedua*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- \_\_\_\_\_. 2008. *Kamus Linguistik (Edisi Keempat)*. Jakarta: PT Gramedia
- \_\_\_\_\_. 2007. *Kelas Kata Dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: Gramedia
- Lenz, Friedrich. 2003. *Conceptualisation of Space, Time, and Person*. Amsterdam: University of Passau
- Mahsun. 2006. *Metode Penelitian Bahasa, Tahapan Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada
- Parera, J.D. 2009. *Dasar-Dasar Analisis Sintaksis*. Jakarta: Erlangga
- Poerwadarminta, W. J. S. 1937. *Baoesastra Djawa*. Jakarta: Balai Pustaka
- Pranowo, Sudaryanto. 2001. *Kamus Pepak Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Badan Kongres Bahasa Jawa
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua
- Subagyo, Rahmad. 2014. *Titi Ukara Basa Jawa*. Surabaya: CV. Bintang.

Sudaryanto, Ikk. 1991. *Diatesis dalam Bahasa Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

\_\_\_\_\_. 1991. *Kamus Indonesia-Jawa*. Yogyakarta  
\_\_\_\_\_. 1992. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana: University Press  
\_\_\_\_\_. 2015. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Sanata Dharma University Press

Sumarlam, M.S. 2004. *Aspektualitas Bahasa Jawa: Kajian Morfologi dan Sintaksis*. Surakarta: Pustaka Cakra Surakarta

Verhaar, J. W. M. 2008. *Asas-Asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press

Wedhawati, dkk. 2001. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional  
\_\_\_\_\_. 2005. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Yogyakarta: Kanisius

#### **SKRIPSI**

Astari, Dita Candra. 2014. "Wujud, Guna, lan Kalungguhan Rimbag Bawa-ma". (Skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBD-FBS.Unesa

Safitri, Aprilia. 2014. "Konstruksi Sintaksis mawa Tembung Kriya Nenandhang {-en}". (Skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBD-FBS.Unesa

Suci, Afifah Dewi. "Tembung Kriya Kahanan sajrone Ukara Statif ing Basa Jawa". (Skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBD-FBS.Unesa

